



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 19 lanmò nan tout eta a yè

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Pandan n ap avanse nan sezon otòn lan, Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominate yo an sekirite ak an sante nan otòn sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan COVID-19 pa yo nan men Pfizer-BioNTech pou nenpòt moun ki gen 12 ane oswa plis ak nan Moderna pou moun ki gen 18 ane oswa plis. Semèn sa a, FDA ak CDC te apwouve dòz rapèl bivalan pou nenpòt moun ki gen 5 ane ak plis pou Pfizer-BioNTech epi 6 ane ak plis pou Moderna, epi yo tou de pral disponib nan jou k ap vini yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite vaccines.gov; tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen kont grip anyèl pa yo pandan [sezon grip la déjà pwopaje](#) nan tout Eta New York. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a lanse [kanpay edikasyon publik anyèl](#) li, ki raple gramoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa oswa plis. Yo kontinye fè anons sèvis publik yo nan alafwa lang [anglè](#) ak [espanyòl](#).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 27.13
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 20.37
- **Rezulta Tès yo te Rapòte yo** - 72,755
- **Total Pozitif** - 5,302
- **Pousantaj Pozitif** - 6.86%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 6.52%**
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,714 (+51)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 466
- **Pasan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 286 (+6)
- **Pasan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 90 (+6)
- **Total Egzeyat** - 350,543 (+423)
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 19
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 58,402

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak virus la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezulta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezulta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak virus la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile** - 74,548

Done pwovizwa sou sètifikasi lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre** - 40,292,382
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo** - 4,803

- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 25,483**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 93.4%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 84.8%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 95.0%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 89.1%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 85.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 75.4%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 83.5%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 75.5%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 92.7%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 79.3%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

Rejyon	Madi 11 oktòb 2022	Mèkredi 12 oktòb 2022	Jedi 13 oktòb 2022
Capital Region	20.65	21.12	21.28
Central New York	25.48	24.48	23.89
Finger Lakes	17.50	17.82	17.97
Long Island	22.03	21.61	21.84
Mid-Hudson	19.69	19.23	19.71
Mohawk Valley	24.76	24.37	23.90
New York City	17.73	18.21	19.89
North Country	22.27	22.78	22.20
Southern Tier	21.96	22.07	22.91
Western New York	17.83	17.37	17.79
Nan tout Eta a	19.46	19.53	20.37

Pousantaj rezulta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Madi 11 oktòb 2022	Mèkredi 12 oktòb 2022	Jedi 13 oktòb 2022
Capital Region	9.80%	10.38%	10.15%
Central New York	10.52%	10.01%	10.33%
Finger Lakes	8.40%	8.39%	8.50%
Long Island	6.52%	6.18%	6.22%

Mid-Hudson	6.95%	6.93%	6.97%
Mohawk Valley	11.42%	11.34%	11.19%
New York City	4.68%	4.74%	4.99%
North Country	10.34%	10.88%	10.25%
Southern Tier	9.42%	9.17%	9.52%
Western New York	10.63%	10.29%	10.50%
Nan tout Eta a	6.46%	6.42%	6.52%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezulta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Madi 11 oktòb 2022	Mèkredi 12 oktòb 2022	Jedi 13 oktòb 2022
Bronx	4.84%	4.84%	5.06%
Kings	3.39%	3.48%	3.71%
New York	4.73%	4.92%	5.29%
Queens	5.92%	5.93%	6.29%
Richmond	7.50%	7.22%	7.37%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 5,302 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,099,768. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	73,797	72
Allegany	10,239	4
Broome	54,931	65
Cattaraugus	18,305	18
Cayuga	19,252	21
Chautauqua	27,900	35
Chemung	25,048	19
Chenango	11,129	8
Clinton	21,026	27
Columbia	12,803	14

Cortland	12,633	17
Delaware	9,492	11
Dutchess	77,986	89
Erie	254,407	207
Essex	7,149	8
Franklin	11,444	13
Fulton	15,600	19
Genesee	15,722	12
Greene	10,210	6
Hamilton	1,021	3
Herkimer	16,550	16
Jefferson	24,929	24
Lewis	6,972	6
Livingston	13,609	18
Madison	15,932	15
Monroe	180,791	136
Montgomery	14,193	20
Nassau	501,967	338
Niagara	56,523	35
NYC	2,832,193	2,538
Oneida	65,204	62
Onondaga	135,449	122
Ontario	24,391	27
Orange	128,146	129
Orleans	9,977	7
Oswego	32,546	32
Otsego	12,494	16
Putnam	28,993	19
Rensselaer	39,279	37
Rockland	109,780	71
Saratoga	57,821	60
Schenectady	41,006	38
Schoharie	6,160	10
Schuyler	4,128	6
Seneca	7,141	14
St. Lawrence	25,071	18
Steuben	23,820	22
Suffolk	519,609	404
Sullivan	22,526	22
Tioga	13,171	17
Tompkins	24,947	19
Ulster	39,691	55

Warren	17,502	29
Washington	14,736	14
Wayne	20,570	22
Westchester	308,175	204
Wyoming	9,493	8
Yates	4,189	4

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19 / konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	177	103	58.20%	74	41.80%
Central New York	125	71	56.80%	54	43.20%
Finger Lakes	331	108	32.60%	223	67.40%
Long Island	431	187	43.40%	244	56.60%
Mid-Hudson	280	122	43.60%	158	56.40%
Mohawk Valley	84	54	64.30%	30	35.70%
New York City	964	390	40.50%	574	59.50%
North Country	75	39	52.00%	36	48.00%
Southern Tier	101	45	44.60%	56	55.40%
Western New York	146	70	47.90%	76	52.10%
Nan tout Eta a	2,714	1,189	43.80%	1,525	56.20%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: ([Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#)).

Yè, te gen 19 nouveau lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 58,402. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Broome	2
Erie	1
Kings	1
Montgomery	1
Nassau	3
Onondaga	1
Ontario	1
Queens	1
Richmond	3
Saratoga	1
Suffolk	2
Westchester	1
Montan	
Total	19

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouveau enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon yo prezante konsa:

Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a

	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen	Moun ki pran tout seri vaksen yo
--	--	---

Rejyon	Kimilatif Total	Kimilatif Total
Capital Region	985,584	902,415
Central New York	659,925	610,571
Finger Lakes	888,458	822,140
Long Island	2,249,047	2,003,722
Mid-Hudson	1,765,764	1,548,461
Mohawk Valley	332,180	309,326
New York City	8,291,920	7,343,459
North Country	312,153	282,350
Southern Tier	455,345	415,342
Western New York	980,599	901,158
Nan tout Eta a	16,920,975	15,138,944

Dòz rapèl/vaksen adisyonèl

Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo
Capital Region	602,155	526
Central New York	404,602	240
Finger Lakes	632,502	305
Long Island	1,438,430	838
Mid-Hudson	1,137,620	774
Mohawk Valley	210,471	146
New York City	3,733,779	2,232
North Country	188,868	43
Southern Tier	287,098	261
Western New York	668,516	302

Nan tout Eta a	9,304,041	5,667
-------------------	-----------	-------

Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la repòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418